

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan jeung Téhnik Ngumpulkeun Data

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptip korelasional.

Numutkeun M.Nazir (1988:63), nu dimaksud méthode deskriptip nya éta:

“ ...suatu metode dalam meneliti status kelompok manusia, suatu objek, suatu set kondisi, suatu sistem pemikiran, ataupun suatu kelas peristiwa pada masa sekarang. Tujuan dari penelitian deskriptip ini adalah untuk membuat deskripsi, gambaran atau lukisan secara sistematis, faktual, dan akurat mengenai fakta-fakta, sipat-sipat, serta hubungan antar fenomena yang diselidiki.”

Méthode deskriptif mangrupa hiji cara pikeun meunangkeun jeung ngréngsékeun masalah panalungtikan anu keur digarap; data anu geus dikumpulkeun, disusun, dianalisa, sarta diinterpretasikeun.

Méthode deskriptif dina ieu panalungtikan nya éta ngadeskripsikeun jeung nafsirkeun pangaruh makéna basa indung di lingkungan kulawarga kana préstasi diajar nyarita basa Sunda SMA Pasundan 3 Bandung.

Méthode korelasional nya éta méthode anu digunakeun pikeun nalungtik (ngajéntrékeun) korelasi atawa hubungan antara dua variabel atawa leuwih. Pikeun ngitung gedéna korelasi ngagunakeun statistik. Tehnik statistik ieu digunakeun pikeun ngitung antara dua variabel atawa leuwih ku cara ngagunakeun korelasi non paramétrik atawa kolerasi kontingénsi. Kalawan ngagunakeun rumus Chi Kuadrat saperti ieu dihandap:

$$\chi^2 = \sum_{i=1}^r \sum_{j=1}^k \frac{(O_{ij} - E_{ij})^2}{E_{ij}} \quad (\text{Pangabeian, 2001:181})$$

3.1.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sangkan variabel dina ieu panalungtikan bisa ka uji, mangka dina panalungtikan ieu nu nulis meunangkeun data sarta ngumpulkeun data ngeunaan basa nu digunakeun dilingkungan kulawarga siswa sarta pangaruhna kana prestasi diajar nyarita basa sunda di SMA Pasundan 3 Bandung. Pikeun meunangkeun data nu nalungtik ngagunakeun téhnik diantarana:

1. Téhnik tés/lisan, tehnik ieu mangrupa cara anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan kujalan nyaksian sakabéh kajadian dina prosés diajar ngajar nu dilakukeun ku siswa. Téhnik ieu dipaké pikeun méré ajén ka siswa kana kamampuh nyarita basa Sunda. Siswa mintonkeun kamampuhna dina nyarita wangun carita (nyarita/ngadongéng). Unggal siswa anu jadi sampel dina panalungtikan ieu meunang panitén jeung pangajén luyu jeung padoman anu digunakeun pikeun nangtukeun skor idéal unggal siswa.
2. Téhnik angkét, téhnik ieu digunakeun meunangkeun data variabel basa anu digunakeun di lingkungan kulawarga, tehnik ieu digunakeun sacara singget pikeun meunangkeun data sarta dijieun dina wangun patalékan-patalékan anu geus disadiakeun jawabanana, sahingga respondén tinggal milih jawabanana ku cara dicakra (x).

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Populasi nya éta sajumlahing data nu dijadikeun objék panalungtikan. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung. Anu jumlahna aya 8 kelas diantarana; kelas XI IPA 1, XI IPA 2, XI IPA 3, XI IPS 1, XI IPS 2, XI IPS 3, XI IPS 4, jeung XI IPS 5.

3.2.2 Sampel

“Sampel nya éta sabagian tina populasi anu rék di talungtik” (Arikunto, 2006:109).

Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel random atawa sampel acak. Disebut téhnik sampel acak sabab dina nangtukeun sampelna, panalungtik nyampurnakeun sakabéh subjék nu jadi populasi nepi ka sakabéh subjék dianggap sarua sarta boga hak nu sarua pikeun meunang kasempatan dipilih jadi sampel. Tina populasi siswa kelas XI, anu baris dijadikeun sampel nya éta kelas XI IPA 1, lantaran tina sampel random (undi) tuluy hasil random kaluar kelas XI IPA 1, anu jumlahna 40 urang.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat pikeun ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta angkét jeung tés lisan.

Angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya patalina jeung basa indung nu dipaké di lingkungan kulawarga ku cara méré patalékan. Kolot siswa

ditugaskeun pikeun ngajawab sababaraha patalekan ku cara milih jawaban nu geus disadiakeun.

Tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nyarita, dilakukeun ku cara méré tés lisan nyarita (ngadongéng).

Instrumén ieu digunakeun pikeun meunangkeun data variabel ngeunaan pangaruh basa indung nu dipaké di lingkungan kulawarga kana préstasi diajar nyarita basa Sunda.

3.4 Prosedur Ngumpulkeun Data

Kegiatan ngumpulkeun data ngaliwatan langkah-langkah saperti di handap ieu:

1. Tahap Sasadiaan Ngumpulkeun Data

- a. Ngalaksanakeun survéy ngeunaan kaayaan jumlah populasi pikeun nangtukeun jumlah sampel.
- b. Nyadiakeun alat instrument pikeun meunangkeun data, diantarana méré nilai paguneman jeung méré skor angkét.
- c. Nyadiakeun alat rekaman mangrupa tipe *recorder* jeung kasét pikeun ngarékam sakabéh carita (dongéng) anu dipintonkeun ku siswa.
- d. Ngocok anggota sampel pikeun nangtukeun subjek panalungtikan.

2. Tahap Prak-prakan Ngumpulkeun Data

- a. Ngajéntrékeun cara-cara ngeusian angkét sarta ngabagikeun lambaran angkét kaunggal anggota sampel.

- b. Ngajéntrékeun prak-prakan dina nyieun carita (dongéng).
- c. Siswa dibéré waktu 15 menit pikeun mintonkeun carita (dongéng).
- d. Unggal siswa mintonkeun carita (dongéng) dihareupeun kelas luyu jeung nomor urut anu geus ditangtukeun .
- e. Ngarékam carita (dongéng) unggal subjék panalungtikan. Nu nalungtik méré ajén ka unggal subjék, dumasar kana faktor-faktor anu patalina jeung non kabasaan.

3. Prosedur Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun data diolah saperti dihandap ieu:

1. Analisis basa nu digunakeun basa di lingkungan kulawarga (ngasupkeun data kana *coding from*).
2. Analisis kamampuh nyarita
 - A. Méré ajén ka unggal siswa nu jadi sampel panalungtikan ku cara meunteun dina hal:
 - I. Lafal
 - a. anu meunang peunteun 4 (opat) ucapan fonetisna écés, jéntré.
 - b. anu meunang peunteun 3 (tilu) ucapan fonétisna rada béntés.
 - c. anu meunang peunteun 2 (dua) ucapan fonétisna sakapeung béntés sakapeung henteu.
 - d. anu meunang peunteun 1 (hiji) ucapan fonétisna henteu béntés.

II. Wangun

- a. anu meunang peunteun 4 (opat) wangun kalimahna luyu jeung fungsi-fungsi J/C/O/K.
- b. anu meunang peunteun 3 (tilu) wangun kalimahna sawaréh luyu jeung fungsi-fungsi J/C/O/K.
- c. anu meunang peunteun 2 (dua) sakapeung luyu sakapeung henteu jeung fungsi-fungsi J/C/O/K.
- d. anu meunang peunteun 1 (hiji) wangun kalimahna teu luyu.

III. Lentong/Intonasi

- a. anu meunang peunteun 4 (opat) merenah randeganana.
- b. anu meunang peunteun 3 (tilu) rada merenah randeganana.
- c. anu meunang peunteun 2 (dua) sakapeung merenah sakapeung henteu.
- d. anu meunang peunteun 1 (hiji) henteu merenah.

VI. Undak Usuk Basa

- a. anu meunang peunteun 4 (opat) merenah dipakéna, luyu jeung situasi ngagunakeunana.
- b. anu meunang peunteun 3 (tilu) rada merenah dipakéna, luyu jeung situasi ngagunakeunana.

- c. anu meunang penteun 2 (dua) sakapeung merenah sakapeung henteu.
- d. anu meunang peunteun 1 (hiji) henteu merenah.

B. Ngasupkeun kana skala 10

Tabel 3.1
SKALA SAPULUH

Skala Sigma	Skala 1-10	Skala Angka
+2.25 SD)	10	Mean +(2.25) SD
+1.75 SD)	9	Mean +(1.75) SD
+1.25 SD)	8	Mean +(1.25) SD
+0.75 SD)	7	Mean +(0.75) SD
+0.25 SD)	6	Mean +(0.25) SD
-0.25 SD)	5	Mean -(0.25) SD
-0.75 SD)	4	Mean -(0.75) SD
-1.25 SD)	3	Mean -(1.25) SD
-1.75 SD)	2	Mean -(1.75) SD
-2.25 SD)	1	Mean -(2.25) SD

- a. Ngitung standar deviasi

$$SDI = 1/3 \times MI$$

- b. Nangtukeun patokan kana skala 10

Tabel 3.2

PATOKAN SKALA SAPULUH

Tingkat penguasaan	Skala 10	keterangan
96%-100%	10	Sempurna
86%-95%	9	Baik sekali
76%-85%	8	Baik
66%-75%	7	Cukup
56%-65%	6	Sedang
46%-55%	5	Hampir sedang
36%-45%	4	Kurang
26%-35%	3	Kurang sekali
16%-25%	2	Goréng
0-15%	1	Goréng pisan

C. Ngitung korelasi jeung nguji hipotesis kalawan ngagunakeun rumus korelasi kontingensi (non parametik). Langkah-langkahna nya éta:

1. Nyieun tabel kontingensi frekuensi ekspektasi/harapan (E_{ij}) kalawan maké rumus :

$$E_{ij} = \frac{nb_i \cdot nk_j}{n}$$

dimana : E_{ij} = frekuensi ekspektasi baris ka-I dina kolom ka-j

nb_i = jumlah dina baris ka-i

nk_j = jumlah dina kolom ka-j

n = lobana data

b = baris

k = kolom

2. Ngitung nilé χ^2 kalawan maké rumus:

$$\chi^2 = \sum_{i=1}^b \sum_{j=1}^k \frac{(O_{ij} - E_{ij})^2}{E_{ij}}$$

3. Nangtukeun derajat kebebasan (ν) kalawan maké rumus :

$$\nu = (b-1)(k-1)$$

4. Nangtukeun nilé χ^2 dina tabel .

5. Pikeun nguji hipotesis ngagunakeun :

H_0 ditolak, lamun χ^2 dina tabel chi kuadrat leuwih leutik tibatan χ^2

hitung :

$$\chi^2_{hitung} > \chi^2_{tabel}, \text{ maka } H_0 \text{ ditolak}$$

atawa H_0 di tarima lamun :

$$\chi^2_{hitung} \leq \chi^2_{tabel}, \text{ maka } H_0 \text{ ditarima}$$

(Pangabean, 2001:178-181)

Dina ieu panalungtikan aya 22 variabel anu dikorélasikeun nya éta:

1. Suku bangsa bapa jeung préstasi diajar nyarita.
2. Suku bangsa indung jeung préstasi diajar nyarita.
3. Suku bangsa siswa jeung préstasi diajar nyarita.
4. Basa indung siswa jeung préstasi diajar nyarita.
5. Basa nu digunakeun ka indung-bapa jeung préstasi diajar nyarita.
6. Basa nu digunakeun ka adi/lanceuk jeung préstasi diajar nyarita.
7. Basa nu digunakeun ka dulur-dulur jeung préstasi diajar nyarita.
8. Basa nu digunakeun ka tatangga jeung préstasi diajar nyarita.
9. Basa nu digunakeun ka babaturan di imah jeung préstasi diajar nyarita.
10. Basa nu digunakeun ka babaturan di sakola jeung préstasi diajar nyarita.
11. Basa nu digunakeun ka guru jeung préstasi diajar nyarita.
12. Basa nu digunakeun waktu istirahat jeung préstasi diajar nyarita.
13. Basa nu digunakeun waktu suasana haté bungah/gumbira/sedih/ambek jeung préstasi diajar nyarita.
14. Basa nu digunakeun waktu syukuran jeung préstasi diajar nyarita.
15. Basa nu digunakeun waktu pangaosan jeung préstasi diajar nyarita.
16. Basa nu digunakeun di lingkungan masjid jeung préstasi diajar nyarita
17. Basa nu digunakeun waktu balanja jeung préstasi nyarita.
18. Basa nu digunakeun dina angkutan umum jeung préstasi diajar nyarita.
19. Basa nu digunakeun waktu nulis surat jeung préstasi diajar nyarita.
20. Basa nu digunakeun waktu nga-sms jeung préstasi diajar nyarita.

21. Basa nu digunakeun waktu nelepon jeung préstasi diajar nyarita.

22. Pintonan seni Sunda jeung préstasi diajar nyarita.

